

# ***Boston Collegiate Charter School***

## Plan Prevansyon ak Entèvansyon kont Entimidasyon

### **TABDÈMATYÈ:**

- I. DEKLARASYON PRIYORITE
- II. FÒMASYON AK DEVLOPMAN PWOFEYONNÈL
- III. JWENN RESOUS AK SÈVIS
- IV. AKTIVITE AKADEMIK AK SA KI PA AKADEMIK
- V. POLITIK AK PWOSEDI POU RAPÒTE AK REYAJI KONT  
ENTIMIDASYON AK VANJANS
- VI. KOLABORASYON AVÈK FANMI
- VII. DEFANN FÈ ENTIMIDASYON AK VANJANS
- VIII. DEFINISYON
- IX. LWA SOU RAPÒ AVÈK LÒT MOUN

ÀNÈKS A Fòmilè pou Fè Rapò nan Ka Prevansyon ak Entèvansyon kont Entimidasyon

## I. DEKLARASYON PRIYORITE

Boston Collegiate Charter School mande pou tout manm nan kominote eskolè a trete lòt manm yo avèk koutwazi, ak respè pou diferans yo.

Boston Collegiate Charter School pran desizyon pou fè tout sa li kapab pou tout elèv yo jwenn yon anviwonman pou etidye san danje, kote pa genyen entimidasyon ni atak nan entènèt. Desizyon sa a se yon pati entegral nan efò total nou pou ankouraje fòmasyon, ak pou anpeche ak eliminen tout jan yo pèsèkite moun, ansanm ak lòt konpòtman ki fè moun mal oubyen deranje yo, paske li kontrarye pwosesis fòmasyon an.

Nou byen konprann gen kèk gwoup moun, tankou elèv ki andikape, elèv omoseksyèl, biseksyèl, transjann, oubyen san kay, ki kapab pi fasil pou moun pèsèkite yo, oswa anbete yo, oubyen pase yo nan betiz. Lekòl la oubyen distrik la pral pran dispozisyon espesyal pou tabli yon anviwonman san danje, kote gwoup ki vilnerab yo jwenn sipò nan kominote eskolè a, epi yo pral ede elèv yo gen konpetans, konnesans, ak estrateji pou anpeche oubyen reyaji kont moun k ap pèsèkite yo, oswa anbete yo, oubyen pase yo nan betiz.

Nou pa pral pèmèt okenn zak ilegal oubyen ki deranje moun, sa ki vle di okenn aksyon ki pèsèkite, ni atake nan entènèt, ni fè vanjans nan lokal nou yo, ni sou teren lekòl la, ni nan aktivite ki an rapò avèk lekòl la. N ap mennen ankèt san pèdi tan, lè nou resevwa rapò oswa plent kont entimidasyon, atak nan entènèt, oswa vanjans, epi n ap pran aksyon touswit kont konpòtman sa yo, pou retabli santiman sekirite moun ki ankòz la. N ap sipòte desizyon angajman nou nan tout aktivite kominote eskolè a, tankou pwogram fòmasyon, pwogram etid, devlopman pèsonnèl, aktivite ki pa nan fòmasyon, epi patisipasyon paran oswa moun ki responsab elèv.

Plan Prevansyon ak Entèvansyon kont Entimidasyon an (nou pral kontinye rele "Plan" an), se yon apwòch total pou kontwole entimidasyon ak atak sou entènèt, kidonk Boston Collegiate Charter School pran desizyon travay avèk elèv yo, pèsonnèl la, fanmi yo, ak ajans k ap defann aplikasyon lalwa, ansanm ak kominote a, pou anpeche ka vyolans yo rive. An konsiltasyon avèk antite sa yo, nou tabli Plan sa a pou anpeche, reyaji, ak reponn nan ka entimidasyon, atak sou entènèt, ak vanjans yo. Direktè ak / oubyen Dwayen Elèv nan chak lekòl gen responsablite pou aplike ak sipèvize Plan an.

## II. FÒMASYON AK DEVLOPMAN PWOFEYONNÈL

A. Fòmasyon pou Pèsonnèl la sou Plan an Chak Ane. Fòmasyon chak ane pou tout pèsonnèl lekòl la sou Plan an genyen ladan devwa anplwaye yo dapre Plan an, ak yon apèsi sou etap Direktè a ak / oswa Dwayen Elèv yo pral swiv chak fwa yo resevwa yon rapò sou entimidasyon oswa vanjans, ak yon apèsi pwogram fòmasyon kont entimidasyon an, pou bay nan tout klas ki nan lekòl oswa distrik la. Anplwaye yo pran nan travay la apre kòmansman ane a ap gen pou yo patisipe nan fòmasyon lekòl la bay pandan ane eskolè yo kòmanse nan travay la, sòf si yo kapab pwouve yo te patisipe nan yon pwogram menm jan ki aseptab pandan 2 ane ki fenk pase yo.

B. Devlopman Pwofesyonnel k ap Kontinye. Objektif devlopman pwofesyonnel la, se tabli yon jan pou tout moun konprann zouti ki nesese pou pèsonnèl la soutni yon anviwonman nan lekòl la ki ankouraje sekirite, kominikasyon sivik, ak respè pou diferans. Devlopman pwofesyonnel la pral devlope konpetans anplwaye yo pou anpeche, idantifye, ak reyaji kont entimidasyon. Dapre egzijans M.G.L.c. 71, § 37O, sa yo mete nan tout lekòl ak tout distrik la sou kesyon devlopman pwofesyonnel la pral genyen ladan rezilta rechèch, ansanm ak enfòmasyon sou:

- (i) estrateji ki koresponn avèk devlopman (oswa laj) moun pou anpeche ka entimidasyon;
- (ii) estrateji ki koresponn avèk devlopman (oswa laj) moun pou entèvansyon imedyat ak efikas pou anpeche ka entimidasyon yo rive;
- (iii) enfòmasyon sou relasyon konplèks ki kapab genyen ant yon agresè ak yon viktim, ak temwen entimidasyon an;
- (iv) rezilta rechèch sou entimidasyon, tankou enfòmasyon sou kategori patikilye elèv yo wè ki anfas gwo danje pou yo pèsekite yo nan anviwonman eskolè a;
- (v) enfòmasyon sou frekans ak nati entimidasyon sou entènèt; epi
- (vi) pwoblèm sekirite sou entènèt, an rapò avèk entimidasyon sou entènèt.

Devlopman pwofesyonnel la pral kouvri tou mwayen pou anpeche ak reyaji kont entimidasyon oswa vanjans, pou elèv ki gen andikap yo dwe konsidere nan konpozisyon Pwogram Edikasyon Pèsonnèl (IEP) elèv yo. Sa pral genyen yon atansyon espesyal sou bezwen elèv ki otistik, ak elèv ki gen pwoblèm ki jennen devlopman aptitud sosyal yo.

Nan pami lòt aktivite lekòl la oubyen distrik la idantifye pou atansyon pwofesyonnel, genyen:

- ankouraje ak montre kouman pou pale ak moun avèk respè;
- ede moun konprann ak respekte divèsite ak diferans;
- tabli relasyon ak kominikasyon ant fanmi yo;
- kontwole konpòtman konstrikatif nan saldeklas;
- sèvi avèk estrateji entèvansyon pozitif nan konpòtman;
- sèvi avèk metòd disiplinè konstrikatif;
- aprann elèv yo metòd kominikasyon pozitif, montre yo kontwole kòlè, ak konprann lòt moun;
- fè elèv yo patisipe nan plannifikasyon aktivite lekòl ak nan saldeklas, ak nan pran desizyon; epi
- kenbe yon anviwonman ki gen sekirite ak atansyon pou elèv yo nan saldeklas.

C. Notifikasyon Ekri pou Pèsonnèl la. Boston Collegiate Charter School pral bay pèsonnèl la yon notifikasyon ekri chak ane sou Plan an; ap genyen ladan enfòmasyon ki pibliye, tankou seksyon ki an rapò avèk devwa pèsonnèl la, nan liv pou anplwaye lekòl oswa distrik la, ak règleman pou kondwit yo.

### III. JWENN RESOUS AK SÈVIS

A. Resous Disponnib. Pou satisfè diferan bezwen elèv nou yo, Boston Collegiate Charter School genyen yon sèvis konseye ki travay nan tan konplè. Pwogram konseye a la pou ede tout elèv ki bezwen sipò avèk pwoblèm akademik, sosyal, oswa nan konpòtman yo. Sa vle di tou konsèy pandan yon tan limite oswa pandan lontan, swivan sa elèv la bezwen. Yo bay fanmi, anplwaye, ak elèv yo yon apèsi sou seksyon konseye a, ak sou sèvis li fè nan kòmansman ane eskolè a. Nan pami pwoblèm elèv nou yo konn genyen, nou ka nonmen pwoblèm estim pèsonnèl, depresyon, touye tèt, entimidasyon, pran dwòg, abi fizik ak / oswa emosyonnèl, chagren / lapèt, ak lòt ankò.

B. Konsèy ak Lòt Sèvis. Gen plizyè jan pou transfere yon elèv BCCS bay biwo konseye a: avèk yon manda pou konsèy nan IEP elèv la; si paran oswa responsab legal elèv la mande sa; si gen yon pwofesè ki mande sa (avèk konsantman paran an / responsab legal la); oswa si elèv la mande (avèk konsantman paran an / responsab legal la). Pou konsantman paran / responsab legal la, yo sèvi avèk yon fòmilè ki soumèt chak ane (gade Konsantman pou Konsèy pi ba a; konsantman an ka ekri nan lòt lang, si sa nesèsè). Anjenneral, dokiman pou transfè yo genyen enfòmasyon sa yo:

- non elèv la, ak konseye li
- enkyetid ki genyen nan ka elèv la, ak pou kisa / kouman fè gen enkyetid sa yo
- aksyon ki deja pran (tankou kontakte paran, kontakte doktè, elatriye...)

Aprè yon premye reyinyon, gen etap swivi ki deside ant konseye nan lekòl la, fanmi an, pwofesè yo, ak direksyon lekòl la, si sa nesèsè (konbyen tan pou etap konsèy la dire, èske se nan lekòl la oswa yon lòt kote, sipò akademik siplemantè, sipò konseye siplemantè, elatriye...)

C. Elèv ki gen Andikap. Dapre egzijans M.G.L. c. 71B, § 3, avèk amannman ki nan Chapit 92 nan Lwa 2010, si ekip IEP a dekouvri yon elèv gen yon andikap ki gen konsekans pou devlopman aptitud sosyal li, oubyen elèv la ka patisipe oubyen li ka viktim entimidasyon, oswa anbetman poutèt andikap li genyen an, Ekip la pral gade kisa ki dwe ajoute nan IEP elèv sa a, pou devlope aptitud ak konpetans li yo pou anpeche ak reyaji kont entimidasyon, atak, oswa anbetman.

D. Transfè by Sèvis Deyò. Yo ka transfere yon elèv oswa yon fanmi bay founisè sèvis ki deyò, si sa kapab pi bon kòm konsèy ki anplis pwogram nòmal lekòl la, oubyen si fanmi an bezwen sèvis nan yon

lang ki pa nan pami lang Biwo Konseye a sèvi. Biwo Konseye a sèvi prensipalman nan lang angle, avèk kèk sèvis an lang franse ak panyòl. Si yon elèv ak / oswa yon fanmi bezwen asistans nan yon lòt lang oswa nan yon pi gwo nivo, lekòl la ap bay yon tradiktè si sa nesèsè pou travay avèk konseye nan lekòl la, ak fanmi an, pou defini bezwen elèv la; apre sa, elèv la pral transfere bay yon founisè sèvis deyò ki ka travay nan lòt lang lan (gade sèvis transfè yo pi ba la a); yo pral kenbe kontak ant Biwo Konseye a, fanmi an, ak founisè sèvis deyò a si sa nesèsè (gade Pataj Enfòmasyon BCCS pi ba la a; ou ka jwenn pataj enfòmasyon an nan lòt lang, si sa nesèsè).

Si yon elèv bezwen yo transfere li bay yon founisè sèvis deyò, konseye lekòl la kapab mete elèv la / fanmi li an kontak avèk youn nan ajans pi ba la yo, oswa ede fanmi an jwenn yon transfè nan yon lòt sous (klinik pou fanmi, doktè prensipal, elatriye...) dapre kisa fanmi an vle chwazi. Ajans transfè yo fè plizyè sèvis konseye nan lang ki koresponn avèk moun lan, depi sipò akademik ak kesyon aksè, pou rive nan sèvis terapi oswa konsèy pou fanmi.

### Resous pou Transfè Sèvis:

\* Sonje byen, lis sa a bay plizyè opsyon ki disponnib pou transfè. Pami lòt opsyon, genyen sit ak / oswa klinisyen patikilye ki sanse koresponn avèk yon sikonstans oswa bezwen espesyal yon elèv / fanmi.

<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Sant Sante Kominotè nan Sid Boston</b> Adrès: 409 West Broadway, South Boston, MA 02127 Nimewo telefòn: 617 269-7500 Sit Entènèt: <a href="http://www.sbchc.org/">www.sbchc.org/</a></li> </ul>	<p><b>Sèvis:</b> Klinik pou sante (moun majè ak timoun), Sante mantal ak nan konpòtman, Swen vizyon, Swen pou dan, WIC, Sèvis finansye</p> <p><b>Lang:</b> Albànè, Polonè, Panyòl, Grèk, Kreyòl Ayisyen (nan sit la; gen lòt lang, si sa nesèsè)</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Labouré Center</b> Adrès: 275 West Broadway, South Boston, MA 02127 Nimewo telefòn: (617) 268-9670 Sit Entènèt: Okenn (gen kèk enfòmasyon nan: <a href="http://www.ccab.org/">www.ccab.org/</a> or <a href="http://www.bc.edu/schools/cas/pulse/placements/laboure/">www.bc.edu/schools/cas/pulse/placements/laboure/</a>)</li> </ul>	<p><b>Sèvis:</b> Sèvis pou Jenn Timoun, Jenn Moun k ap Aprann Jenn Moun, Sèvis Repons Inisyèl, Kontak Kominotè, Konsèy nan Kominote, Sèvis Sosyal pou Moun Anpil Laj, Sèvis Enfimyè Vizitè, Pwogram Sante Lajounen pou Moun Majè, Sante Konpòtman</p> <p><b>Lang:</b> Angle sèlman (ou ka jwenn lòt lang nan lòt branch Charite Katolik)</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Dorchester House</b> Adrès: 1353 Dorchester Avenue, Dorchester, MA 02122 Nimewo telefòn: (617) 288 – 3230 Sit Entènèt: <a href="http://www.dorchesterhouse.org">www.dorchesterhouse.org</a></li> </ul>	<p><b>Sèvis:</b> Klinik pou sante (moun majè ak timoun), Sante mantal ak nan konpòtman, Swen vizyon, Swen pou dan, Pwogram pou Jenn Moun, Pwogram ak sipò pou Fanmi, Sant Preseptè pou Adolesan</p> <p><b>Lang:</b> Angle, Panyòl, Vyetnamyen</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Roxbury Comprehensive Community Health Center</b> Adrès: 435 Warren Street, Roxbury, MA 02119 Nimewo telefòn: 617-442-7400 Sit Entènèt: Pa aplikab</li> </ul>	<p><b>Sèvis:</b> Sante konpòtman, Tretman pou Dwòg, Swen sante (moun majè ak timoun), Swen pou dan</p> <p><b>Lang:</b> Angle, Kreyòl, Panyòl</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Uphams Corner Health Center</b> Adrès / Nimewo telefòn: 5 kote nan Dorchester; gade nan sit entènèt la, pou adrès ak nimewo telefòn egzat. Sit entènèt: <a href="http://www.uphamscornerhealthctr.com">www.uphamscornerhealthctr.com</a></li> </ul>	<p><b>Sèvis:</b> Premye swen, Swen Lakay ak Sante mantal (moun majè ak timoun, Swen pou vizyon ak pou dan; Sante adolesan ak WIC; Plan Service pou Moun ki Gen Anpil Laj</p> <p><b>Lang:</b> Angle, Panyòl, Pòtigè, Franse, Kreyòl, Vyetnamyen, ak lòt lang</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Neighborhood House</b> Adrès: 136 H Street South</li> </ul>	<p><b>Sèvis:</b> Konsèy sou sante mantal pou timoun ak adolesan, Fòmasyon pou travay, Sipò akademik, Terapi pou fanmi.</p>

<p>Boston, MA 02127  Nimewo telefòn:617-268-1619  Sit Entènèt: <a href="http://www.sbnh.org/">http://www.sbnh.org/</a></p>	<p><b>Lang:</b> Angle</p>
<p>• <b>South Boston Collaborative Center</b>  Adrès:151 Old Colony Avenue  Housing Development  8 Rev. Burke St,  Boston, MA 02127  Telefòn: (617) 534-9500  Sit Entènèt: Pa aplikab</p>	<p><b>Sèvis:</b> Sante mantal adolesan, Terapi pèsonnèl, Edikasyon gwoup sou pwoblèm dwòg</p> <p><b>Lang:</b> Angle, Panyòl</p>
<p>• <b>Sidney Borum Jr. Health Center</b>  Adrès: 130 Boylston St.  Boston, MA  Nimewo telefòn: (617) 457 - 8140  Sit Entènèt:  <a href="http://www.jri.org/programs/community-advocacy-and-capacity-building-programs/sidney-borum-jr-health-center.php">http://www.jri.org/programs/community-advocacy-and-capacity-building-programs/sidney-borum-jr-health-center.php</a></p>	<p><b>Sèvis:</b> Espesyalis nan tout kalite premye swen, konsèy sou sante mantal, konsèy ak tretman pou moun ki pran dwòg, konsèy pou VIH, teste ak ranfòse pwoteksyon kont danje, ak lòt sèvis klinik oubyen sosyal pou adolesan ak jenn moun ant 13 ak 29 an; priyorite pou moun ki nan kategori ki pa swen sante tradisyonnèl pou plizyè rezon, tankou moun ki pa gen kay; k ap viv nan lari epi ki nan endistri sèks; ki omoseksyèl, oswa biseksyèl, oswa transjann.</p> <p><b>Lang:</b> Angle, Panyòl</p>
<p>• <b>Bayview Associates</b>  Adrès: 859 Willard Street  Quincy, MA  Nimewo telefòn: (800) 852 – 2844  Sit Entènèt: Pa aplikab</p>	<p><b>Sèvis:</b> Fè evalyasyon ak konsèy pou timoun ak adolesan, koup, ak fanmi; espesyalis nan tretman anksyete, depresyon, pwoblèm mantal, twomatis, pwoblèm konpòtman, konfli nan fanmi, difikilte pou ajiste nan lekòl, pwoblèm defisi atansyon, divòs, ak separasyon, depresyon, pwoblèm devlopman pèvazif, ak chagren lamò / lapèt.</p> <p><b>Lang:</b> Angle, Panyòl, ak lòt lang</p>
<p>• <b>Home for Little Wanderers</b>  Adrès: 271 Huntington Avenue,  Boston, MA 02115  Nimewo telefòn: (800) HOME  – 321,  (617) 267-3700  Sit Entènèt: <a href="http://www.thehome.org">www.thehome.org</a></p>	<p><b>Sèvis:</b> Asistans pou timoun ak adolesan ki an danje, ak pou fanmi yo, nan domèn prevansyon ak entèvansyon prekòs, adopsyon, okipe timoun, sipò klinik ak pou fanmi, swen moun lakay yo, edikasyon espesyal, prevansyon pou kontwòle maladi, defans dwa moun, rechèch, ak sèvis pou swen dirèk, tankou konsèy pou fanmi ak timoun, sèvis asistans lakay moun, administrasyon dosye, ak pwogram terapi apre lekòl.</p> <p><b>Lang:</b> Angle, Panyòl</p>
<p>• <b>The Boston Center</b></p>	<p><b>Sèvis:</b> Fè tretman entansif pandan tan kout pou timoun ak adolesan.</p>

<p>Adrès: 14 Fordham Road • Allston, MA 02134 Nimewo telefòn:(617) 783-9676 1-800- 222-2237, Referans Sit Entènèt: <a href="http://www.arbourhealth.com/">http://www.arbourhealth.com/</a></p>	<p><b>Lang:</b> Angle, ak lòt lang</p>
--	--

<p>• <b>Center for Anxiety and Related Disorders (CARD)</b> Adrès: 648 Beacon Street, Boston, MA 02215 Nimewo telefòn: (617) 353 – 9610 Sit Entènèt: <a href="http://www.bu.edu/anxiety/index.html">http://www.bu.edu/anxiety/index.html</a></p>	<p><b>Sèvis:</b> Fè tretman pou pwoblèm anksyete, avèk metòd pèsonnèl ak an gwoup, tankou evalyasyon fonksyon sikolojik (gade nan sit entènèt la pou plis detay). <b>Lang:</b> Angle</p>
<p>• <b>Commonwealth Center for Consultation and Psychotherapy</b> Nimewo telefòn: (617) 666-5800 Sit Entènèt: Pa Aplikab</p>	<p><b>Sèvis:</b> Adolesan, fanmi, moun ki pran dwòg <b>Lang:</b> Angle</p>
<p>• <b>South End Community Health Center</b> Adrès: 1601 Washington Street Boston, MA 02118  Nimewo telefòn: (617) 425-2000  Sit Entènèt: <a href="http://www.sehc.org">http://www.sehc.org</a></p>	<p><b>Sèvis:</b> Tretman pèsonnèl, pou fanmi ak gwoup, tè sikojik, edikasyon kominotè, triyaj / repons ijan, sèvis referans, sèvis nan lekòl, evalyasyon, dyagnostik ak plannifikasyon tretman, sikofamakoloji. <b>Lang:</b> Angle, Panyòl</p>
<p>• <b>South Boston Behavioral Health Center</b> Nimewo telefòn:617-268-1700 Sit Entènèt: <a href="http://www.tuftsmedicalcenter.org/OurServices/Psychiatry/SBBHC">http://www.tuftsmedicalcenter.org/OurServices/Psychiatry/SBBHC</a></p>	<p><b>Sèvis:</b> Sikoterapi pèsonnèl pou moun majè / adolesan / timoun, Sikoterapi an Gwoup, Sikoterapi nan Fanmi, Evalyasyon ak kontwòl Sikofamakoloji <b>Lang:</b> Angle, ak lòt lang</p>
<p>• <b>Codman Square Community Health Center</b> Adrès: 637 Washington Street, Dorchester, MA 02124 Nimewo telefòn: 617-825-9660 Sit Entènèt: <a href="http://www.codman.org/">www.codman.org/</a></p>	<p><b>Sèvis:</b> Sèvis medikal, sèvis kominotè, sèvis Sante Piblik, doktè pratisyen pou Fanmi, doktè OB / jinekòlòg, pedyat, doktè jenneralis, enfimyè lisansye, asistan doktè, sajfanm, enfimyè ak asistan medikal, ansanm ak dantis, ijyennis dantè, asistan dantè, travayè sosyal, optometris, konseye nan sante konpòtmantal, sikyat, ak sikològ. <b>Lang:</b> Kreyòl Ayisyen, Panyòl, Franse, lòt lang.</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li> <b>Pyramid Builders</b>  Adrès: 1960 Washington St. Boston,  MA 02118  Nimewo telefòn: (617) 516-0280  Sit Entènèt: <a href="http://www.pyramidbuilders.org">http://www.pyramidbuilders.org</a> </li> </ul>	<p><b>Sèvis:</b> Pyramid Builders fè plizyè kalite sèvis pou timoun, adolesan, moun majè, koup, ak fanmi. Sèvis yo konfidansyèl nèt: Estabilizasyon Adolesan ak Jenn Moun, Kontwòl Kòlè, Resous pou Karyè, Terapi pou Koup, Sèvis Klinik, Terapi pou Fanmi, Terapi pou Gwoup, Terapi pou Fanmi Lakay yo, Terapi Pèsonnèl, Estabilizasyon pou Moun k ap Pran Laj, Terapi an Gwoup pou Paran,</p> <p><b>Lang:</b> Angle, Panyòl, ak lòt lang</p>
---	--

#### IV. AKTIVITE AKADEMIK AK SA KI PA AKADEMIK

A. Apwòch espesyal pou anpeche entimidasyon. Pwogram fòmasyon pou anpeche entimidasyon yo pral genyen ladan rezilta rechèch kounye a ki, nan pami lòt bagay, favorize apwòch sa yo:

- sèvi avèk direktiv ak similasyon pou devlope konpetans;
- bay elèv yo pouvwa pou yo pran aksyon, paske yo pral konnen kisa pou yo fè lè yo temwen zak lòt elèv k ap pèsekite oswa fè vanjans kont moun; nan aksyon sa yo, pral genyen tou, mande moun majè ede yo;
- ede elèv yo konprann dinamik nan entimidasyon ak entimidasyon sou entènèt, sa ki vle di tou konprann rapò ant fòs yo;
- ensiste sou sekirite nan entènèt, tankou sèvi byen avèk prekosyon ak teknoloji kominikasyon elektwonik yo;
- ranfòse konpetans elèv yo nan tabli relasyon ki bon pou yo ak kominikasyon ki montre respè moun; epi
- angaje elèv yo nan yon anviwonman san danje ki sipòte yo nan lekòl la, avèk respè pou divèsite ak diferans.

Inisyativ yo pral aprann elèv yo tou, kisa ki nan seksyon an rapò avèk elèv sou Prevansyon kont Entimidasyon, ak Plan Entèvansyon an. Yo pral patage Plan an pandan reyinyon oswa tan nan saldeklas, an menm tan avèk klas sou prevansyon kont entimidasyon yo.

B. Metòd fòmasyon jeneral ki sipòte efò pou anpeche entimidasyon. Metòd pi ba la yo jwe yon wòl entegral nan tabli yon anviwonman ki ankourajan, ak san danje. Yo montre epòtans inisyativ pou anpeche ak reyaji kont entimidasyon yo:

- defini kondisyon aklè pou elèv yo satisfè, epi tabli woutin pou lekòl ak saldeklas yo;
- kreye yon anviwonman nan lekòl ak saldeklas yo ki san danje pou tout elèv yo, sa ki vle di tou elèv ki gen andikap, ki omoseksyèl, biseksyèl oubyen transjann, ak elèv ki san kay;
- bay repons pozitif ak ranfòsman ki koresponn avèk ka a, menm lè yon elèv merite aksyon disiplinè;
- bay sipò pou konpòtman pozitif;
- ankouraje moun majè yo devlope relasyon pozitif avèk elèv yo;
- bay egzanp, aprann, ak rekonpanse konpòtman sosyal pozitif ki nòmal epi ki montre respè pou moun;
- sèvi avèk mwayen pozitif pou sante konpòtman, tankou travay ansanm pou rezoud pwoblèm, fòmasyon pou rezoud konfli, travay ekip, ansanm ak sipò pozitif pou konpòtman ki ede nan devlopman sosyal ak emosyonèl;
- sèvi san danje avèk entènèt; epi
- bay elèv yo sipò; montre enterè ak patisipe nan aktivite ki pa akademik oubyen ki pa nan pwogram enstriksyon an, espesyalman nan domèn kote yon elèv montre li ka bay bon ranman.

## V. POLITIK AK PWOSEDI POU RAPÒTE AK REYAJI KONT ENTIMIDASYON AK VANJANS

A. Fè Rapò kont Entimidasyon oswa Vanjans. Moun ki kapab fè rapò kont entimidasyon oswa vanjans yo, se moun nan pèsonnèl la, oswa elèv yo, paran yo, oubyen responsab legal oswa lòt moun; rapò a kapab fèt nan bouch oubyen alekri. Rapò nan bouch yon moun nan pèsonnèl la fè oubyen resevwa pral anrejistre alekri. Yon anplwaye nan pèsonnèl lekòl la, oswa distrik la dwe fè rapò touswit bay Direktè oubyen Dwayen Elèv yo, si li aprann oubyen wè gen yon ka entimidasyon oswa vanjans ki fèt.

Si moun ki fè rapò a se yon elèv, yon paran, oswa yon responsab legal oubyen yon lòt moun ki pa travay nan lekòl oswa nan distrik la, rapò a ka rete ànonnim. Menm si rapò ànonnim yo ka anrejistre, epi yo ka fè ankèt sou yo, aksyon disiplinè pa pral pran sèlman dapre yon rapò ànonnim. Lekòl oswa distrik la pral mete plizyè mwayen kominote eskòlè a ka jwenn pou fè rapò; nan pami mwayen yo, ap genyen yon Fòmilè Rapò sou Sikonstans, yon repondè pou kite mesaj vokal, yon adrès lapòs espesyal, ak yon adrès elektwonik, epi lòt mwayen ankò.

Yon moun k ap fè yon rapò pa oblije sèvi avèk yon Fòmilè Rapò sou Sikonstans. Boston Collegiate Charter School pral: 1) voye yon kopi Fòmilè Rapò sou Sikonstans lan nan lapòs, nan kòmansman ane a, bay elèv, paran ak responsab legal yo; 2) rann li disponnib nan lekòl, biwo direksyon, biwo konseye, biwo enfimyè lekòl la, biwo Dwayen Elèv yo, ak tout lòt kote Dwayen Elèv yo deside; epi, 3) afiche li sou sit entènèt lekòl la. Fòmilè Rapò sou Sikonstans yo pral disponnib nan pifò lang prensipal elèv yo, paran yo, ak responsab legal yo.

Nan kòmansman chak ane eskòlè, Boston Collegiate Charter School ap remèt bay kominote eskòlè a, tankou administratè, anplwaye, elèv, paran, ak responsab legal elèv yo, yon notifikasyon ekri sou règleman pou fè rapò sou zak entimidasyon ak vanjans. Yo pral mete yon deskripsyon sou pwosedi ak resous pou fè rapò yo, tankou non ak enfòmasyon pou kontakte Dwayen Elèv yo, nan liv travay pou elèv ak anplwaye yo, ak sou sit entènèt lekòl la ak distrik la, ak nan enfòmasyon sou Plan an, pou paran ak responsab legal elèv yo kapab gade.

### 1. Pou Pèsonnèl la Fè Rapò

Yon moun nan pèsonnèl la dwe fè rapò touswit bay Direktè a oswa Dwayen Elèv yo, si li aprann oubyen wè yon zak ki kapab entimidasyon oswa vanjans. Devwa pou fè rapò bay Direktè a oswa Dwayen Elèv yo pa limite pouvwa moun nan pèsonnèl la, pou reyaji nan ka konpòtman oswa aksyon disiplinè dapre règleman ak pwosedi Boston Collegiate Charter School yo, pou kontwòl konpòtman ak disiplin.

### 2. Pou Elèv, Paran, Responsab Legal, ak Lòt Moun Fè Rapò

Boston Collegiate Charter School mande pou, si yon elèv, paran, oswa responsab legal ak lòt moun wè oubyen aprann yon ka entimidasyon oswa vanjans rive yon elèv, yo dwe fè rapò bay Direktè a oswa Dwayen Elèv yo. Rapò a ka rete ànonnim, men pa gen

aksyon disiplinè ki pral pran kont yon moun yo di ki agresè, avèk yon plent anonim sèlman. Elèv, oswa paran, oswa responsab legal, oswa lòt moun lan kapab mande asistans yon moun nan pèsennèl la pou ekri yon rapò. Y ap bay elèv yo mwayen ki pratik, san danje, konfidansyèl, ak koresponn avèk laj yo, pou fè rapò ak pou pale sou sikonstans zak entimidasyon an avèk yon moun nan pèsennèl la, oubyen avèk Direktè a oswa Dwayen Elèv yo.

## B. Pou reponn lè gen yon rapò kont entimidasyon oswa vanjans

### 1. Sekirite

Anvan yo fè yon ankèt konplè sou yon rapò kont entimidasyon oswa vanjans, Direktè a, oswa Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo pral pran aksyon ki nesèsè pou fè moun ki sanse viktim lan vin santi li an sekirite, ak pou pwoteje moun lan kont lòt zak konsa. Nan aksyon pou sekirite yo, kapab genyen pami lòt aksyon: tabli yon plan sekirite pèsennèl pou moun lan; chwazi davans kote moun ki viktim oswa agresè a dwe chita nan saldeklas, nan refektwa, oswa nan otobis; idantifye yon moun nan pèsennèl la ki dwe ajè kòm "pwoteksyon" pou moun ki viktim lan; kontwole kapasite agresè a, pou li jwenn avèk viktim lan; epi chanje orè agresè a, si sa posib. Direktè a, Asistan li, oswa Dwayen Elèv yo genyen lòt aksyon yo pral pran pou pwoteje sekirite pandan ankèt la, ak apre li, si sa nesèsè:

Direktè a, Asistan li, oswa Dwayen Elèv yo pral pran aksyon ki nesèsè, pou garanti pwoteksyon kont entimidasyon oubyen vanjans, tout elèv ki fè rapò kont entimidasyon oubyen vanjans, oubyen ki temwen lè zak sa yo rive, oubyen yon elèv ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt, oswa yon elèv ki gen bon jan enfòmasyon sou yon zak entimidasyon oubyen vanjans yo rapòte.

### 2. Obligasyon Avèti Lòt Moun

a. Notifikasyon pou paran oswa responsab legal elèv. Apre yo fin verifye gen yon zak entimidasyon oubyen vanjans ki rive vre, Direktè a, Asistan li, oswa Dwayen Elèv yo ap avèti touswit paran oswa responsab legal viktim lan ak agresè a, epi fè yo konnen ki pwosedi yo pral sèvi pou reyaji. Kapab genyen sikonstans ki mande pou Direktè a, Asistan li, oswa Dwayen Elèv yo kontakte paran oswa responsab legal yon elèv, anvan yo kòmanse okenn ankèt. Avètisman an dwe konfòm avèk règleman 603 CMR 49.00.

b. Notifikasyon Lòt Lekòl oswa Distrik. Si ka yo rapòte a genyen ladan elèv nan plis pase yon distrik eskolè, oswa lekòl sibvansyonnen, lekòl prive ki apwouve pou edikasyon espesyal lajounen oswa lekòl rezidansyèl, oubyen lekòl kolaboratif, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv ki aprann ka a an premye dwe avèti nan telefòn, san pèdi tan, Direktè oubyen moun ki la pou sa nan lòt lekòl la, pou fè konnen sa ki pase, ak pou yo kapab pran aksyon ki nesèsè. Tout echanj yo dwe konfòm avèk lwa ak règleman nan Eta a ak nan gouvènman federal, ak 603 CMR 49.00.

c. Notifikasyon Lapolis. Nan nenpòt ki moman apre li resevwa rapò sou

entimidasyon oswa vanjans lan, menm apre ankèt la fini, si Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv la gen yon rezon serye pou li kwè kapab genyen akizasyon kriminel kont agresè a: Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv la dwe avèti lapolis. Notifikasyon an dwe konfòm avèk kondisyon 603 CMR 49.00, ak akò ki tabli legalman avèk lapolis nan kote a. Epitou, si ka a rive sou pwopriyete lekòl la, epi gen yon ansyen elèv ladan ki pako gen 21 an, men ki pa nan lekòl la ankò, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv la dwe kontakte lapolis lokal la, si gen yon bon rezon pou li kwè kapab genyen akizasyon kriminel kont agresè a.

C. Ankèt. Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo ap fè ankèt san pèdi tan sou tout rapò kont entimidasyon oswa vanjans; pou fè sa, yo pral konsidere tout enfòmasyon ki genyen, tankou kisa ki pase, ak laj elèv ki ankòz yo.

Pandan ankèt la, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo pral, nan pami lòt bagay, fè entèvyou avèk elèv yo, ak moun nan pèsonnèl la, temwen, paran oswa responsab legal, ak lòt moun ankò si sa nesèsè. Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo (dapre kilès k ap mennen ankèt la) pral fè moun ki akize a, ansanm ak viktim, ak temwen yo sonje règleman yo pa pèmèt fè okenn vanjans, ki lakòz aksyon disiplinè.

Moun ki fè entèvyou a kapab Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo, oubyen lòt moun nan pèsonnèl la, depi Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo chwazi moun lan pou sa, an konsiltasyon avèk konseye lekòl la, si sa nesèsè. Toutotan sa posib, dapre obligasyon pou mennen yon ankèt sou zafè a, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo dwe respekte konfidansyalite pandan pwosesis ankèt la. Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo dwe kenbe yon dosye ekri sou ankèt la.

Pwosedi pou ankèt sou entimidasyon ak vanjans yo dwe konfòm avèk règleman ak pwosedi lekòl oswa distrik la sou ankèt. Si sa nesèsè, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo pral pale avèk yon konseye legal sou ankèt la.

D. Desizyon. Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo ap pran desizyon dapre sa ki pase ak dapre sikonstans yo. Si ankèt la pote prèv ki montre entimidasyon ak vanjans, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo ap pran aksyon rezonab pou anpeche zak la rive ankò, ak pou garanti viktim lan pa gen baryè ki anpeche li patisipe oswa benefisye nan aktivite lekòl la. Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo pral: 1) deside ki reparasyon ki dwe fèt, si gen ka, epi 2) deside ki reyaksyon ak / oswa aksyon disiplinè ki nesèsè.

Dapre sikonstans yo, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo ka chwazi pou li pale avèk pwofesè elèv la ak / oswa konseye lekòl la, ak paran oswa responsab legal viktim lan oubyen agresè a, pou gade si gen nenpòt pwoblèm sosyal oubyen emosyonèl ki te ka lakòz konpòtman entimidasyon an, pou evalye ki nivo devlopman ki ka nesèsè nan aptitud sosyal moun lan.

Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo dwe fè paran oswa responsab legal viktim lan ak agresè a konnen touswit ki rezilta ankèt la bay; si ankèt la montre yon ka entimidasyon oswa vanjans, ki aksyon ki pran pou anpeche zak konsa rive ankò. Tout notifikasyon pou paran yo dwe konfòm avèk lwa ak règleman sou konfidansyalite nan Eta a, ak nan gouvènman federal. Poutèt restriksyon legal sou konfidansyalite dosye elèv, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo pa gen dwa bay paran oswa responsab legal yon elèv enfòmasyon patikilye sou aksyon disiplinè yo pran, sòf si gen yon lòd pou "pa pwoche", oswa lòt direktiv viktim lan dwe konnen pou rapòte vyolasyon an. Men sèlman, paske kominote eskolè a chita sou prensip jistis restorasyon an, yo ka fè agresè a repare mal li fè viktim lan piblikman oswa an prive.

#### E. Reyaksyon kont Entimidasyon.

##### 1. Montre Bon Konpòtman avèk Aprantisaj Konpetans

Yon fwa Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo decide gen entimidasyon oswa vanjans ki fèt, lalwa mande pou lekòl la oswa distrik la sèvi avèk yon seri reyaksyon ki ekilibre sans responsablite a avèk bezwen aprann bon konpòtman. M.G.L.c. 71, § 37O(d)(v). Metòd Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo kapab vle mete nan aprantisaj konpetans lan:

- òganize seyans aprantisaj konpetans dapre pwogram kont entimidasyon Boston Collegiate Charter School la;
- òganize aktivite edikasyon ki koresponn pou elèv ak gwoup elèv, an konsiltasyon avèk konseye nan fòmasyon ak lòt manm pèsònèl lekòl la, ki ka sèvi;
- mete an plas yon seri sipò pou konpòtman akademik oubyen ki pa akademik, pou ede elèv yo konprann metòd sosyal pou rive nan objektif yo;
- fè reyinyon avèk paran ak responsab legal elèv, pou mobilize sipò paran ak ranfòse pwogram kont entimidasyon an, ak aktivite pou devlope aptitud sosyal lakay yo;
- swiv plan pou konpòtman ki konsantre sou devlopman aptitud sosyal patikilye; epi
- fè yon referans pou evalyasyon.

##### 2. Pou pran Aksyon Disiplinè

Si Direktè a oswa Dwayen Elèv yo decide yo dwe pran aksyon disiplinè, aksyon an pral defini dapre sa Direktè a oswa moun ki ranplase li jwenn ki te rive vre, tankou kisa konpòtman an te ye, laj elèv ki ankòz la (yo), ak bezwen pou ekilibre sans responsablite a avèk bezwen aprann bon konpòtman. Aksyon disiplinè a dwe ann akò avèk Plan an, epi avèk règleman sou kondwit Boston Collegiate Charter School, epi li dwe defini dapre lwa ak règleman Massachusetts yo. Pwosedi disiplin pou elèv ki gen andikap yo sou lobedyan Lwa Federal pou Amelyorasyon Moun ki gen Andikap pou Edikasyon yo (Individuals with Disabilities Educations Improvement Act - IDEA), ki dwe entèprete ann akò avèk lwa nan Eta a sou disiplin elèv.

Si Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo decide yon elèv bay manti avèk

tout konnesans li sou yon zak entimidasyon oswa vanjans, kapab gen aksyon disiplinè ki pran kont elèv sa a.

### 3. Ankouraje Sekirite pou Lòt Moun

Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo pral gade ki ajisteman ki bezwen fèt, si gen ka, nan anviwonman lekòl la pou ranfòse santiman sekirite lòt moun tou. Youn nan estrateji Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo kapab chwazi, se ogmante sipèvizyon moun majè nan lè tranzisyon yo, nan kote yo konnen gen zak entimidasyon ki deja fèt, oubyen ki kapab fèt.

Lè gen yon tan rezonnab ki pase apre yo deside ak bay lòd pou pran aksyon reparasyon ak / oswa disiplinè a, Direktè a oswa Dwayen Elèv yo ap kontakte viktim lan, pou konnen si menm zak yo defann lan kontinye, ak si gen plis aksyon pou sipò ki bezwen pran. Si sa nesèsè, Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Dwayen Elèv yo pral travay avèk yon manm pèsònèl ki la pou sa, pou pran aksyon touswit.

## VI. KOLABORASYON AVÈK FANMI

A. Edikasyon ak resous pou Paran. Boston Collegiate Charter School ap fè pwogram edikasyon pou paran ak responsab legal elèv ki konsantre sou seksyon pou paran, nan klas kont entimidasyon ki nan lekòl la. Pwogram lan ap prezante an kolaborasyon avèk rezo Collegiate Connectors la.

B. Sa ki Dwe nan Notifikasyon an. Chak ane, Boston Collegiate Charter School ap fè paran oswa responsab legal elèv yo konnen ki pwogram enstriksyon kont entimidasyon k ap sèvi. Notifikasyon sa a pral genyen enfòmasyon sou dinamik entimidasyon, tankou entimidasyon sou entènèt ak sekirite anliy. Boston Collegiate Charter School ap voye yon notifikasyon ekri chak ane bay paran yo, sou seksyon ki nan Plan an, ak nan règleman lekòl la sou sekirite sou entènèt. Tout notifikasyon ak enfòmasyon pou paran ak responsab legal elèv yo pral ekri sou papye ak nan fòm elektwonik; y ap ekri nan lang pifò paran ak responsab legal yo pale. Boston Collegiate Charter School ap afiche Plan an, ansanm avèk enfòmasyon sou li, sou sit entènèt la.

## VII. DEFANN FÈ ENTIMIDASYON AK VANJANS

Yo defann fè zak entimidasyon, tankou entimidasyon sou entènèt:

- (i) sou pwopriyete lekòl la, oswa tou pre pwopriyete lekòl la, nan aktivite lekòl la ògànize oubyen ki an rapò avèk lekòl la, oswa yon fonksyon, oswa yon pwogram, kit se sou pwopriyete lekòl la, kit se pa sou pwopriyete lekòl la, oswa nan estasyon pou otobis lekòl, nan yon otobis lekòl la, oubyen otobis lekòl la lwe; oswa nan sèvi avèk teknoloji oubyen avèk yon aparèy elektwonik ki se pwopriyete yon distrik eskolè, oubyen distrik eskolè a ak lekòl la sèvi, epi
- (ii) nan kote, aktivite, fonksyon, oswa pwogram ki pa an rapò

avèk lekòl la, lè moun ap sèvi avèk teknoloji oswa yon aparèy elektwonnik ki pa pwopriyete, ni distrik oswa lekòl la lwe oubyen ap sèvi avèk li, si zak la lakòz yon anviwonman malveyans pou viktim lan oubyen yon temwen, oubyen si zak la vyole dwa yo nan lekòl la, oubyen li deranje pwosesis edikasyon an oswa lòt aktivite ki òganize nan lekòl la.

Yo defann fè vanjans tou kont yon moun ki fè rapò sou entimidasyon, oubyen ki bay enfòmasyon pou yon ankèt sou entimidasyon, oubyen ki temwen oswa gen enfòmasyon valab sou entimidasyon.

Dapre M.G.L.c. 71, § 37O, anyen nan Plan sa a pa mande pou Boston Collegiate Charter School mete anplwaye li nan aktivite, fonksyon, ni pwogram ki pa an rapò avèk lekòl la.

## VIII. DEFINISYON

Agresè a, se yon elèv k ap fè entimidasyon, oubyen entimidasyon sou entènèt, oubyen vanjans.

Definisyon Entimidasyon an nan M.G.L.c. 71, § 37O, se lè youn oswa plizyè elèv, oswa manm nan pèsònèl yon lekòl ap plede sèvi avèk espresyon ekri, vèbal, oubyen elektwonnik, oswa yon zak fizik oubyen yon jès, oubyen toude, kont yon elèv ki viktim, lè sa:

- i. lakòz yon mal fizik oswa emosyonèl sou viktim lan, oswa domaje pwopriyete viktim lan;
- ii. mete viktim lan nan yon pozisyon pou li gen yon rezon laperèz pou yon malè rive li, oswa pou pwopriyete li ta domaje;
- iii. lakòz yon anviwonman malveyans pou viktim lan (pèmèt anviwonman lekòl la genyen ladan entimidasyon, ridikil, oswa jouman ki ase grav oubyen ase entim pou aji sou kondisyon edikasyon elèv la);
- iv. vyole dwa viktim lan nan lekòl la; oswa
- v. deranje materyèlman ak sibstansyèlman pwosesis edikasyon an, oswa anpeche lekòl la mache byen.

Entimidasyon sou entènèt, se lè yon moun ap sèvi avèk teknoloji oswa aparèy elektwonnik tankou telefòn, oswa selilè, oswa òdinatè, oswa entènèt, pou fè entimidasyon sou entènèt. Sa vle di, nan pami lòt bagay, mesaj elektwonnik, mesaj tèks, ak afichaj sou entènèt. Gade nan M.G.L. c. 71, § 37O pou wè definisyon entimidasyon sou entènèt.

Definisyon anviwonman malveyans la nan M.G.L. c. 71, § 37O; se yon ka kote entimidasyon an lakòz anviwonman lekòl la genyen ladan entimidasyon, ridikil, oswa jouman ki ase grav oubyen ase entim pou aji sou kondikasyon edikasyon elèv la.

Vanjans se nenpòt ki fòm entimidasyon, revanch, oswa pèsekisyon kont yon elèv ki fè rapò kont entimidasyon, oswa ki bay enfòmasyon nan yon ankèt sou entimidasyon, oubyen ki te temwen oswa ki genyen enfòmasyon serye sou yon ka entimidasyon.

Pèsonnèl lekòl la gen ladan, san se pa moun sa yo sèlman, edikatè, administratè, konseye, enfimyè lekòl, gadyen, chofè otobis, antrennè espò, konseye pou aktivite ki pa nan lekòl la, anlwaye sipò, oubyen parapwofesyonèl.

Viktim lan, se yon elèv yo fè entimidasyon, oswa entimidasyon sou entènèt, oswa vanjans kont li.

## IX. LWA SOU RAPÒ AVÈK LÒT MOUN

Ann akò avèk lwa Eta ak lwa federal yo, ansanm avèk règleman lekòl ak distrik la, yo pa dwe fè diskriminasyon kont pèsonn pou li pa ante nan yon lekòl piblik nan okenn vil, ni pou li pa jwenn avantaj, privilèj, ak fòmasyon nan lekòl piblik la poutèt ras, koulè, idantite seksyèl, relijyon, peyi kote li soti, oswa oryantasyon seksyèl li Anyen nan Plan an pa anpeche lekòl oswa distrik la pran aksyon pou korije diskriminasyon oswa entimidasyon paske yon moun nan yon kategori lalwa pwoteje dapre lwa Eta a oswa lwa federal, oswa dapre règleman lekòl oubyen distrik la.

Epitou, anyen nan Plan an pa ekri avèk lide, ni entansyon pou limite otorite Boston Collegiate Charter School, nan aksyon disiplinè ni okenn lòt aksyon li ka pran dapre M.G.L. c. 71, §§ 37H, 37H<sup>1/2</sup>, 37H<sup>3/4</sup>, oswa lòt lwa ki aplikab, oswa dapre règleman Boston Collegiate, nan reyaksyon li kont konpòtman vyolan, oswa ki fè moun mal, oswa ki deranje moun, kèlkeswa si Plan an kouvri konpòtman an, oubyen pa kouvri li.